

LIS VERIFIKASYON PREPARASYON TRAVAYÈ TPS

Administrasyon Trump lan te mete fen kriyèlman nan Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou moun ki soti nan sis peyi: Salvador, Ayiti, Ondiras, Nepal, Nikaragua ak Soudan. Byenke lit pou pwoteje fanmi sa yo kontinye nan Kongrè a, plizyè santèn milye moun ki genyen TPS fè fas ak yon gwo risk reyèl pou yo pèdi estati yo trè byento. Sendika w pral avèk ou nan lit sa a, e li ankouraje w pou pran dispozisyon sa yo kounye a pou w gen kapasite ak pou w prepare:

Pale avèk fanmi w

- Diskite sa pou fè sizoka ou ta pèdi estati w, arestasyon, detansyon oswa depòtasyon
- Mete yon plan alekri epi asire ke tout moun konnen l
- Chwazi yon moun responsab pou swen timoun ou yo

Pale avèk reprezantan sendika w

- Mande yon referans pou yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon
- Mande si yo te negosye re-entegrasyon dwa yo
- Ofri pou ede avèk edikasyon ak defans dwa sou pwoblèm TPS yo

Pale avèk yon avoka

- Detèmine si ou gen nenpòt opsyon pou ajisteman estati
- Prepare yon manda pou moun pran swen timoun ou yo
- Ranpli yon renonsyasyon sou konfidansyalite ak Fòm Depatman Sekirite Nasional (DHS) G-28 pou deziyen avoka

Mete dokiman ou yo pare ak nan yon kote ki an sekirite

- | | | |
|--------------------------------------|---------------------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> Paspò | <input type="checkbox"/> Batistè | <input type="checkbox"/> Dosye medikal |
| <input type="checkbox"/> Dosye lekòl | <input type="checkbox"/> Dosye labank | <input type="checkbox"/> Papye pwopriyete |

Konnen Dwa ou yo!

- Rete kalm ak an silans lè w ap kominike avèk otorite k ap fè respekte lalwa, sa ki gen ladan ajan imigrasyon yo
- Kenbe yon kat dwa nan bous ou epi lonje l bay ajan an (Ou ka jwenn modèl kat la nan aflcio.org/immigration-resources).
- Pa ouvè pòt la bay fòsdelòd sòf si jiskaske yo montre w yon manda ke yon jij siyen

Mache ak yon lis nimewo telefòn enpòtan

- Konsila
- Avoka
- Reprezantan sendika

Patisipe nan lit pou jistis pou travayè TPS yo

- Rakonte istwa w
- Rantre nan yon òganizasyon kominotè
- Fè volontè avèk sendika w
- Rele manm Kongrè ou yo epi ankouraje yo pou adopte pwoteksyon pèmanan pou travayè TPS yo